



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 62 MILYON DOLA POU AMELYORASYON SEKIRITE POU PYETON SOU WOUT LOKAL AK WOUT ETA ATRAVÈ NEW YORK

Efò Anyèl Lapolis ak Kanpay Edikasyon Kòmanse Semèn Sa a

Nouvo PSA Souliye Règ Pou Sekirite nan Entèsekson Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon envestisman 62 milyon dola kòm pati Plan Aksyon pou Sekirite Pyeton (Pedestrian Safety Action Plan) ki revolisyonè, yon inisyativ plizyè ajans pou itilize jeni, ak kanpay edikasyon ak prezans lapolis pou amelyore sekirite pyeton atravè Rejyon Nò New York ak Long Island. Plis pase 22 milyon dola prale jwenn premye lo pwojè sekirite pyeton sou wout eta yo, ki kounye a an pwosesis, pandan y ap envesti 40 milyon dola pou amelyore sekirite pyeton sou wout lokal yo.

“Sekirite pyeton afekte rezidan tout laj ak nan tout kominate, epi li enpòtan pou nou rann wout nou yo pi ansekirite pou tout moun”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Lè nou fè envestisman konsekan nan wout nou yo, edike publik la, ak konbat moun ki pa respekte lalwa, New York ap sipòte transpò ki favorab ekolojikman nan santvil nou yo pandan I ap amelyore sekirite pyeton nan tout kwen eta a.”

Anplis sou yon envestisman 62 milyon dola sekirite pou pyeton, yon kanpay aksyon lapolis ak edikasyon ki konsantre sou konpòtman kòrèk otomobilis ak pyeton pral fèt soti 15 Jen pou rive 28 Jen. Nouvo piblisite pou sèvis publik (Public Service Announcement, PSA) *Wè! Fè yo wè w!* (*See! Be Seen!*), ou ka wè li [Isit la](#), pral jwe tou atravè eta a ki souliye règ wout la pou alafwa pyeton ak chofè nan entèsekson. Plan Aksyon pou Sekirite Pyeton itilize jeni, edikasyon ak lapolis pou amelyore sekirite pou pyeton ak chofè atravè Eta New York.

Evalyasyon sit yo pou sekirite pyeton yo te kòmanse ane pase sou wout leta yo, tankou paregzanz nan 2,000 pasaj san limyè siyalizasyon e 2,400 kafou ki deja gen limyè siyalizasyon. Evalyasyon yo te idantifye amelyorasyon ekonomik ki amelyore sekirite pou pyeton anpil. Amelyorasyon yo enkli enstalasyon siyalizasyon gran viziblite pou pasaj pou travèse ak siyalizasyon adisyonèl, menm jan ak amelyorasyon siyalizasyon, tankou plis tan pou travèse, kronomèt kont-a-rebou ki di pyeton konbyen segonn yo genyen pou travèse lari a, ak entèval anvan pou pyeton ki ede rann pyeton pi vizib nan je chofè yo paske yo bay yo yon avans anvan sikilasyon ka vire sou lari a.

Premye faz nan pwojè pou amelyore sekirite pyeton sou wout eta yo enkli:

Rejyon Kapital: Travay te kòmanse nan mwa Dawout 2017 sou yon pwojè 2.8 milyon dola pou amelyore sekirite nan 180 lokal apati pwochen prentan. Jiskaprezan, yo konplete travay nan 62 lokal, ak yon lòt 77 yo pwograme pou yo fini nan fen 2018.

Mohawk Valley: Yon pwojè 1.1 milyon dola te kòmanse otòn pase pou amelyore sekirite nan 140 lokal. Yo rive fini travay nan apeprè 105 lokal, ak rès lokal yo pwograme pou yo fini nan pwochen ete a.

New York Santral: Travay sou yon pwojè 1.9 milyon dola pou adrese 105 lokal te kòmanse nan otòn pase. Yo te reyalize amelyorasyon sekirite nan apeprè 85 lokal, epi yo atann yo pral fini yon lòt 70 lokal nan pwochen ete a.

Finger Lakes: Yon pwojè 3.4 milyon dola te kòmanse ane pase pou amelyore sekirite nan 250 lokal. Jiskaprezan, travay nan 32 lokal te fini, epi yo pwograme pou yo fini rès la nan fen pwochen ete a.

Rejyon Lwès New York: Kòm pati yon pwojè 600,000 dola ki te kòmanse ane pase, yo pral reyalize amelyorasyon sekirite nan 140 lokal, plis pase 20 ladan yo gentan fini deja. Yo atann pou tout travay fini nan otòn sa a.

Southern Tier: Travay pral kòmanse nan yon ti tan pou fè 3.8 milyon dola amelyorasyon sekirite nan 123 lokal. Ane sa a, yo atann pou yo adrese 48 sit, ak yon lòt 75 lokal ki pral konplete nan ete 2019.

North Country: Yon pwojè 1 milyon dola pou amelyore sekirite nan 72 lokal te kòmanse otòn pase. Pandan yo gentan fini 12 sit, yo pral adrese yon lòt 30 sit ane sa a. Yo pral fini travay nan dènye 30 sit yo nan fen ane pwochen.

Mid-Hudson Valley: De pwojè pral kòmanse pita nan ase sa a pou adrese 334 lokal. Y ap konplete pifò travay la nan pwochen otòn, epi yo atann ekzekisyón final pandan ete 2020.

Long Island: Yon pwojè 7.5 milyon dola te kòmanse ane pase pou amelyore sekirite nan plis pase 236 lokal atravè Long Island. Yo prevwa tout travay yo ap fin konplete an 2019.

Yo te chwazi pwojè sou wout lokal atravè pwogram kapital Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a. Y ap ofri finansman pou amelyorasyon ekonomik ki ap amelyore sekirite pou pyeton anpil. Amelyorasyon ta kapab enkli enstalasyon siyalizasyon ki vizib anpil nan pasaj pou pyeton ak siyalizasyon adisyonèl, menm jan ak amelyorasyon siyalizasyon.

Ou ka wè yon lis alokasyon lokal yo pa rejyon [isit la](#).

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta, Paul A. Karas, te deklare, "Envestisman Gouvènè Cuomo an nan sekirite pyeton rann lari nou yo plis ansekirite lè I ap pwoteje

youn nan gwoup ki pi vilnerab nan itilizatè sistèm transpò a. Lè yo konbine edikasyon publik ak efò lapolis ansanm ak amelyorasyon nan wout yo, tankou enstalasyon nouvo siyalizasyon, siyalizasyon sou pave oubyen siyal pou pyeton, sa pral kreye kominote ki pi ansekitrite, kote ou ka plis mache atravè Eta New York”.

Nouvo pwojè sekirite pyeton sa yo resevwa finansman atravè [Plan](#) Aksyon pou Sekirite Pyeton Eta New York Gouvènè an, k ap koute 110 milyon dola sou senk ane. Li mande yon apwòch sistemik pou rezoud pwoblèm sekirite e minimize ris pou moun fè aksidan, atravè enjenyeri, fòs publik ak edikasyon. Yo te lanse inisyativ la an 2016 epi li pral kontinye atravè Ane Fiskal 2020 Eta a. Plan an vize amelyorasyon kominote andeyò Vil New York. Vil lan gen yon pwogram sekirite pyeton ki byen etabli ki resevwa plizyè milyon dola finansman federal nan men NYSDOT.

Analiz done aksidan ki fè pati plan 2016 lan te montre gen an mwayèn 300 pyeton ki mouri ak 15,000 pyeton ki blese nan aksidan machin chak ane nan Eta New York; plis pase 25 poustan nan lanmò ki lye ak machin yo se pyeton. 61 poustan faktè ki lakòz aksidan sa yo te gen rapò avèk yon bagay chofè an fè, tankou paregzanp chofè an pa t ap fè atansyon oswa li pa t bay priyorite. De bagay prensipal pyeton yo te fè ki te kontribiye nan aksidan yo, se te erè, epi pyeton ki pa t bay priyorite.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor’s Traffic Safety Committee) an ofri fòmasyon bay ofisyè lapolis ak jij yo, òganize yon operasyon lapolis chak ane pou sekirite pyeton, epi ankouraje ajans lapolis nan 20 “[kominote sib](#)” ki gen pi gwo kantite aksidan pyeton pou aplike pou sibvansyon pou sekirite sikilasyon. Aktivite fòs publik yo vize a edike otomobilis ak pyeton yo sou règ ki genyen sou wout yo nan objektif pou amelyore sekirite chofè ak pyeton yo alafwa.

Pandan operasyon de semèn lan, lapolis lokal nan rejyon Nò New York e nan Long Island pral patwouye koridò pyeton ki gen anpil moun ki pase ladan yo, epi bay avètisman, feyè enfòmasyon, epi nan kèk ka, kontravansyon, pou otomobilis ak pyeton yo jwenn ki te vyole lalwa.

Terri Egan, Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta a ak Prezidan pa Enterim Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, te deklare, “Plan Aksyon pou Sekirite Pyeton Gouvènè Cuomo a se yon efò pou sove lavi epi nou fyè pou nou fè pati pa nou an. Atravè lapolis, edikasyon ak envestisman nan amelyorasyon enfrastrikti vital, inisyativ sa a ap rann wout no yo pi ansekitrite ak kominote ki pi akeyan pou tout moun. Pandan n ap antre a mwatye chemen nan efò sa a, Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a pral kontinye souliye enpòtans pou swiv règ wout la ak travay kole-kole ak lapolis lokal pou konbat vyolatè yo pou asire sekirite pyeton ak chofè ansanm”.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta te pibliye tou twazyèm [piblisite](#) sèvis publik konsènan sekirite pyeton, li te konsantre sou fason kòrèk pou chofè ak pyeton navige entèsekson yo. Se mank atansyon chofè yo, erè pyeton ak mank volonte pou sede wout la kòrèkteman ki lakoz majorite aksidan yo. DOH te travay pou enplike komite sekirite sikilasyon lokal yo, lekòl yo, ak lòt manm publik la, epitou li te ofri kou fòmasyon bay òganizasyon sekirite.

Manm Komisè Depatman Sante Eta la, Doktè Howard Zucker, te di, “Pandan aksidan ak lanmò pyeton ki lye ak sikilasyon rete yon gwo pwoblèm sante piblik, yo rete evitab tou. Edikasyon jwe yon wòl vital nan asire sekirite nan entèsekson yo ak konprann règ wout la. Nou enpasyan pou nou kontinye travay ak eta nou an ak patnè lokal yo sou inisyativ enpòtan sa a”.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite www.511NY.org, oswa sit mobil nou an nan m.511ny.org. Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOT, Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)